



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISKOU 2022 SOU SITIYASYON ETA A AP FÈT
NAN CHANM ASANBLE A NAN ALBANY NAN DAT 5 JAN.**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Diskou 2022 sou Sitiyasyon Eta a ap fèt nan Chanm Asanble Eta New York la mèkredi 5 janvye. Sa ap make premye fwa nan yon deseni ke yon gouvènè pa enterim bay yon Diskou sou Sitiyasyon Eta a andedan Chanm Asanble a.

"Pandan kat mwa ki pase yo, nou te pran gwo mezi pou abòde defi ke Nouyòkè yo fè fas, soti nan ogmantasyon to vaksinasyon nan tout eta a rive nan bay soulajman pou lokatè ak pwopriyetè kay k ap goumen -- men gen plis travay ki pou fèt," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pa ka tann pou tounen ak Diskou 2022 sou Sitiyasyon Eta a nan Chanm Asanble Eta New York pou premye fwa nan yon deseni epi pataje vizyon mwen pou ane k ap vini an ak patnè lejislatif yo. Lè nou travay ansanm, mwen konnen Nouyòkè yo ka konfwonte defi k ap vin sou wout nou."

Prekosyon COVID-19 yo ap obsève estrikteman, epi y ap anonse pwotokòl presi yo anvan evènman an. Y ap pataje enfòmasyon sou kijan pou envite yo chita ak zòn ki depase yo nan pa lontan. N ap raple envite yo, ke sak, sakado, valiz, koli, malèt ak atik menm jan yo, ap estrikteman entèdi nan evènman an, menm jan ak zam ak sibstans ki kontwole yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)